

**PAMAKEAN MODEL PEMBELAJARAN INKUIRI TERBIMBING KANGGO  
NGARONJATKEUN KAPARIGELAN DIAJAR MURID DINA SUBTEMA  
KEBERAGAMAN BUDAYA BANGSAKU**

(Panalungtikan Tindakan Kelas Dina Murid Kelas IV Semester I SDN Tanjungjaya  
Kacamatan Gantar Kabupaten Indramayu  
Warsih Palajaran 2017-2018)

**Ku**  
**Riska Rismayanti**  
**135060160**

**RINGKESAN**

Ieu panalungtikan kasangtukangna nyaeta ngulik sarta paniten nu dipigawe di kelas IV SDN Tanjungjaya Kabupaten Indramayu nu nemongkeun kirangna kaparigelan murid dina widang atikan. Ngagunakeun padika konvensional ngajadikeun atikan teu lumangsung kalayan hasil anu nyugemakeun sareng kirang masihan kasemptan ka murid pikeun kalibet langsung dina kagiatan atikan, kulantaran kitu murid jadi kirang soson-soson diajar. Panalungtikan ieu ngandung maksud pikeun ngaronjatkeun kaparigelan murid kelas IV SDN Tanjungjaya Kabupaten Indramayu dina subtema keberagaman budaya bangsaku. Jenis panalungtikan nu digunakeun nyaeta Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK) model Suharsimi Arikunto. Nu jadi jejer dina panalungtikan ieu nyaeta kelas IV SDN Tanjungjaya Kabupaten Indramayu Warsih Palajaran 2017-2018 nu jumlah muridna 20 urang. Panalungtikan ieu dilaksanakeun dina tilu siklus. Satiap siklus diwangun ku dua pertemuan. Cara ngumpulkeun data ngagunakeun lembar observasi, tes, sarta angket. Hasil panalungtikan nemongkeun yen ngagunakeun model inkuiри terbimbung tiasa ngaronjatkeun kaparigelan murid dina widang atikan. Hal ieu katingali dina ngaronjatna hasil observasi kaparigelan diajar murid dina siklus I ageungna 57,5%, siklus II ageungna 68,75% sarta siklus III ageungna 93,75%. Dumasar hasil panalungtikan eta katembong yen model inkuiри terbimbung tiasa ngaronjatkeun kaparigelan diajarna murid kelas IV SDN Tanjungjaya Kabupaten Indramayu dina subtema keberagaman budaya bangsaku, ku jalaran kitu tiasa digunakeun pikeun salah sahiji pilihan model pembelajaran nu disarankeun ka para guru sabab tiasa ngaronjatkeun kaparigelan diajar murid dina pembelajaran tematik.

Sanggem Kunci: Inkuiри Terbimbung, Kaparigelan diajar murid.